

2025-2026 M-DCPS VPK LOTTERY



Aplike nan Pwogram VPK M-DCPS yo, Apati 21 Janvyè!

Kòmanse 21 janvyè, ou ka aplike nan Pwogram VPK "Miami-Dade County Public Schools (M-DPCS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pou lekòl ki nan katye ou pou ane 2025-2026 la.

Kisa Pwogram VPK yo ye?

Pwogram Edikasyon "Voluntary Prekindergarten (VPK)" (Klas Matènèl Volontè) se yon pwogram edikasyon gratis ki prepare chak timoun katran nan Florid pou jadendanfan, e ki bati fondasyon pou siksè yo nan edikasyon. Pwogram VPK M-DCPS yo ofri chak timoun yon opòtinite pou yo bay pi bon pèfòmans nan lekòl e pandan tout lavi yo, lè li ofri pwogram *bon kalite* ki gen ladan kourikoulòm ki apwopriye ak devlopman yo e ki konsantre sou ladrès lekti ak ekriti yo byen bonè, sou estanda devlopman, responsablite, peryòd enstriksyon konsiderab, kantite elèv ki apwopriye nan salklas, ansanm ak enstriktè ki kalifye.

Kiyès ki Ka Aplike?

Elèv ki gen katran 1ye septanm 2025 oswa anvan. Si katriyèm anivèsè timoun nan tonbe ant 2 fevriye jiska 1ye septanm nan yon ane sivil, paran yo ka rekile enstriksyon timoun sa a nan VPK jiska ane ki vin apre a, lè timoun nan gen 5 ane. Paran yo dwe bay dokiman ki montre laj timoun nan ansanm ak adrès yo pou yo ka patisipe nan lotri a. N ap itilize prèv adrès yo pou verifye lekòl ki nan limit prezans nan katye kote paran an abite.

Kijan pou W Aplike?

1. Antre nan Pòtal Paran M-DPCS la

Vizite www.dadeschools.net, klike sou "Portal," ansuit klike sou "Parents." Itilize Kont Apple oswa Google ou pou w ka siyen oswa itilize Kòd QR ki anba a.

2. Klike sou Aplikasyon VPK a

Suiv enstriksyon yo pou w ka kòmanse aplikasyon an e telechaje dokimantasyon yo mande yo dirèkteman atravè sistèm nan.

3. Voye Aplikasyon an anvan 7 Mas.

Kilè M Ap Resevwa Repons?

Nou fè seleksyon an atravè yon pwosesis sou fòm lotri, e n ap voye notifikasyon yo pa imèl nan dat **15 Mas 2025**.

SCAN ME



**Nou pa ka tann
pou n resevwa
w nan fanmi M-
DCPS nou an!**



M-DCPS YOUR BEST CHOICE!

KONDISYON POU ENSKRI



Dokiman Idantifikasyon (Ou dwe bay youn)

- Orijinal Batistè
- Lòt Pyès Idantite Legal: Paspò, Sètifika Batèm, Kontra Asirans



Prèv Adrès (Ou dwe bay de (2))

- Kontra Lwaye
- Papye Kay
- Bòdwo Elektrik


Vaksinasyon (Ou dwe bay toude)

- Fòm Egzamen Fizik Elèv (Fòm HRS 3040-Fòm jon nan)
- Sètifika Vaksen (Fòm HRS 680-Fòm Ble a)

Demand pou Klas Matènèl

- Sètifika Elijibilite (www.vpkhelp.org)
- Timoun nan dwe gen 4 ane 1 ye septanm oswa avan


*Prèv Idantifikasyon ak prèv adrès yo nesèsè pou pwosesis aplikasyon VPK.



DEPT. EARLY CHILDHOOD PROGRAMS

(305) 995-7632

earlychildhood.dadeschools.net



Early Childhood Programs,
MDCPS



@MDCPS_OECP



mdcpsearlychildhood